

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

**Premye Jou -- Author's Point of View**

**Passage: copy and past** – Istwa D’Ayiti- from Li, konorann Ekri, Yon ti jaden kreyòl – Liv Mèt - pg. 2-3

**ISTWA D AYITI**

Lè blan Panyòl vini, di l dekouvri peyi n,  
Li te sot lakay li, l pa te konn kote l prale,  
Men chans pa l, de venn pa n, van pouse l bò isit la,  
Li di se Bondye k voye l pou l vin sivilize n.

Li deklare n se sovaj, nouse yon bann zannimo,  
Li di nou se manjè-d-moiun, kant li manje moun pase n,  
Chak fwa ki detere lò, li te antere Endyen.

Lè ras Endyen vin fini, kòm lò a pa t ko fini,  
Li pati l al rache Nèg jouk nan fon zantray Lafrik,  
Pil sou pil anban lakal li bwote Nèg janbe dlo,  
Vivi swe san Sen Domeng, fè larenn Izabèl bèl.

Lapati vin tèlman bèl blan Franse di: l mande pa l,  
Blan Franse genyen gwo je, fòk nan pwèn pou li pa pran,  
Men blan Panyòl chichadò, sa k nan men li pa sòti:  
Yo tonbe plede redi jouk peyi a fè de bout.

Libète se bannann, li pran tan pou l donner,  
Li mande anpil travay, li mande anpil batay;  
Nèg rasanble kouray pandan twasan lanne,  
Jouk li fè libète donner nan tèt dyòl yon fizi.

Nè travay, neg batay, nèg fè 1804.

Men depi 1804, snble kat la mal brase:

Quarter 3 - 5<sup>th</sup> Grade Haitian-Creole Language Art Assessment

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

Rat kay ap manje pay kay, pèp la ap manje raje,  
Papa n te bat lesklavaj, yo bliye bat malveyans.

Rive sou 111 lanne, Meriken vin mete pye,  
Ti nè vin aprann achte pèl figi Jòj Wachintonn;  
Zwezo blan ak zwezo nwè met ansanm pou yo piye n,  
Lendepandans lan pouri jouk li santi depandans.

Ant tout kalte blan mannan peyi a vin separe:  
Yon moso pou Makdonal, yon moso pou Min Renòls,  
Yo voye bay Batista, yo voye bay Trujillo;  
Nèg tap vann frè l grenn pa grenn, kounye a l vann pa rejim.

Nou konn tou sa k vann, nou konn tou sa k achte,  
Ki valè k gaspiye, ki valè y al sere.  
Zafè sa k byen konte men ki mal kalkile,  
Yo pral gen vant-pase lè yo gen pou peye.

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

### Vokabilè

#### Kisa mo ak ekspresyon sa yo vle di nan tèks la?

1. Bann zannimo: -

O A) nou se kamyon

O B) nou pa moun

O C) nou pa bèt

2. Swe san:-

O A) ap limen

O B) fè manje

O C) fè travay fòse

3. Gwo Je:-

O A) renmen gade

O B) vle tout pou li

O C) renmen pataje

#### Bay yon sinonim pou mo sa yo?

4. Vini -rive \_\_\_\_\_

5. Bwote -pote /mennen \_\_\_\_\_

6. Valè-kantite \_\_\_\_\_

#### Bay Kontrè mo sa yo.

7. Pran-bay \_\_\_\_\_

8. Bliye-sonje \_\_\_\_\_

#### Konprann sa nou li –( Paraphrasing)

#### Kisa liy sa yo vle di nan pwezi a?

9. Li di nou se manjè-d-moun, kant li manje moun pase n.

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

10. L al rache Nèg jouk nan fon zantray Lafrik.

\_\_\_\_\_  
\_\_\_\_\_

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

**Dezyèm Jou --Cause and Effect**

Copy pg 33 - #15 **Istwa yon Kiltivatè ak pitit li yo** – Liv –M ap li ak kè kontan 5

Travay, redi rèd, se pa tè ki manke.

Yon kiltivatè ki te gen gwo mwayen, ki te santi ; ap febli, ki santi lanmò vle pran l, rele pitit li yo epi li pale avèk yo san pa gen temwen.

Li di yo konsa:

“Tè a, se byen fanmi nou mouri kite pou nou; pa vann li.

Gen yon lajan ki antere anba tè a.

M pa konnen ojis ki kote l ye;

Men mwen di, si nou gen kouraj chèche l,

N a rive jwenn ki.

Sa n a fè lè nou fin ranmase rekòt la, n a brase tout kote,

Jiskaske pa gen okenn pòsyon nan jaden an ki pa okipe.”

Kiltivatè a mouri.

Pitit li yo fè vrèman tankou l te di yo a. Yo pa jwenn lajan.

Men apre ennan, tè a vin bay ak rapòte plis pase sa yo pa janm te wè anvan.

Granmoun nan te wè lwen.

Li te vle aprann pitit li, anvan li mouri, enpòtans sa yo rele konn travay latè.

Travay latè se yon trezò, se lajan sere.

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

**Kesyon:**

1. Ki lè kiltivatè a te rele pitit li yo?

---

---

2. Lè li t ap pale ak yo, èske te gen temwen?

---

---

3. Poukisa li di yo pa vann tè a?

---

---

4. Èske li di yo kote trezò a te kache?

---

---

5. Ki sa yo dwe fè lè yo fin ranmase rekòt la?

---

---

6. Èske yo te jwenn lajan yo t ap chache a?

---

---

7. Ki sa ki te rive apre ennan?

---

---

8. Ki sa granmoun nan te vle aprann pitit li yo?

---

---

9. Ki sa ki te pi bon pase lajan? Poukisa?

---

---

10. Ki lòt bagay granmoun konn di ki pi bon pase lajan? Poukisa?

---

---

Non \_\_\_\_\_

Dat \_\_\_\_\_

**Gramè/Grammar :** (*M ap li ak kè kontan Liv 5*)

**Chwazi fraz ki ekri korèteman. Nwasi oval bò kote pi bon repons la.**

1.  A) Paulèt tanpri pote sizo yo, tep la, ak kreyon an.  
 B) Paulèt ,tanpri pote sizo yo, tep la, ak kreyon an.  
 C) Paulèt, tanpri pote sizo yo, tep la, ak kreyon an.  
 D) Paulèt tanpri pote sizo yo tep la, ak kreyon an.
2.  A) Wi mwen te li pwezi “Koute Zanmi ou yo” twa fwa.  
 B) Wi, mwen te li pwezi Koute Zanmi ou yo twa fwa.  
 C) Wi, mwen te li pwezi Koute Zanmi ou yo twa fwa.  
 D) Wi ,mwen te li pwezi “Koute Zanmi ou yo” twa fwa.
3.  A) “Mwen sipoze pran gode yo napkin yo, ak asyèt yo pou piknik klas la.” Mari te di.  
 B) “Mwen sipoze pran gode yo, napkin yo, ak asyèt yo pou piknik klas la,” Mari te di.  
 C) “Mwen sipoze pran gode yo, napkin yo, ak asyèt yo pou piknik klas la” Mari te di.  
 D) “Mwen sipoze pran gode yo, napkin yo ak asyèt yo pou piknik klas la, Mari te di.

**Ansèkle tout mo ki genyen vwayèl bouchnen yo.**

4. Lè sa a, pa t gen lapè nan peyi a, pa t gen kè poze. Sa k pase nan lari a lendi maten? Se te de kapyon ki t ap plede kouri epi yo fè aksidan. Annou fè atansyon pou n pa pran nan pyèj yo te mete nan chemen an.

**Kòmanse chak fraz ak yon lèt majiskil epi nan plas vid yo mete ponktyasyon/mo ki nesèsè a.**

5. kote pitit la ye- \_\_\_\_\_

direktè a te rele kat elèv\_ Pyè\_ Polin \_ Jak \_ Andre\_

---



